

# Vaksinasyon pou Tibebe yo

Yon Gid pou Paran yo

Sa yo se vaksen tibebe w la bezwen!

Nan nesans <sup>1,2</sup>	HepB	RSV-mAb <sup>1</sup> 0-7 mwa
2 mwa <sup>1,2</sup>	HepB <sup>1-2 mwa<sup>2</sup></sup>	+ DTaP + PCV + Hib + Polyo + RV
4 mwa <sup>1,2</sup>	HepB <sup>3</sup>	+ DTaP + PCV + Hib + Polyo + RV
6 mwa <sup>1,2</sup>	HepB <sup>6-18 mwa<sup>2</sup></sup>	+ DTaP + PCV + Hib <sup>4</sup> + Polyo <sup>6-18 mwa<sup>2</sup></sup> + RV <sup>5</sup> + Grip <sup>6</sup> + COVID <sup>7</sup>
12 mwa oswa plis <sup>1,2</sup>	MMR <sup>12-15 mwa<sup>2</sup></sup>	+ DTaP <sup>15-18 mwa<sup>2</sup></sup> + PCV <sup>12-15 mwa<sup>2</sup></sup> + Hib <sup>6-18 mwa<sup>2</sup></sup> + Varisèl <sup>12-15 mwa<sup>2</sup></sup> + HepA <sup>8</sup> <sup>12-23 mwa<sup>2</sup></sup> + Grip <sup>6</sup>

Verifye avèk doktè w oswa enfimye/enfimyè w pou asire w tibebe w la resevwa tout vaksinasyon yo selon kalandriye an. Anpil fwa vaksen yo konbina pou redui kantite piki yo. Asire w mande yon kat dosye ki gen dat vaksen tibebe w la; pote l avèk ou nan chak vizit.

Men yon lis maladi tibebe w la pral pwoteje kont yo:

**HepB:** epatit B, yon maladi fwa grav

**DTaP:** difteri, tetanòs (machwè bloke), ak koklich (tous siflan)

**PCV:** vaksen konjige anti-nemokoksik pwoteje kont yon enfeksyon grav nan san, poumon ak sèvo

**Hib:** *Haemophilus influenzae* tip b, yon enfeksyon grav nan sèvo, gòj ak san

**Polyo:** polyo, yon maladi grav ki lakòz paralizi

**RSV:** virus respiratwa sensisyal, yon enfeksyon poumon grav

**RV:** enfeksyon wotaviris, yon maladi dyare grav

**Grip:** yon enfeksyon poumon grav

**MMR:** lawoujòl, malmouton ak ribeyòl

**COVID-19:** yon maladi grav e trè enfektyez

**HepA:** epatit A, yon maladi fwa grav

**Varisèl:** yo rele tou saranpyon

## Nòt sou tablo ki anwo a:

1. Soti oktòb jiska mas, tibebe depi nan laj nesans jiska 7 mwa ka bezwen antikò prevansyon kont RSV (RSV-mAb) si vaksen kont RSV an pa e resevwa pandan gwosès. Sèten tibebe pi gran laj 8 jiska 19 mwa ka bezwen RSV-mAb pandan dezyèm sezon RSV yo a.
2. Sa se kategori laj kote vaksen sa a dwe bay.
3. Tibebe w la gendwa pa bezwen yon dòz vaksen Hep B nan laj 4 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimyè w.
4. Tibebe w la ka pa bezwen yon dòz vaksen Hib nan laj 6 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimyè w.
5. Tibebe w la ka pa bezwen yon dòz vaksen RV nan laj 6 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimyè w.
6. Tout timoun laj 6 mwa oswa plis ta dwe pran vaksen kont grip la nan sezon otòn oswa nan sezon ivè chak ane.
7. Timoun ou an ap bezwen 2 oswa 3 dòz, selon mak vaksen kont COVID-19 yo bay la.
8. Timoun ou an pral bezwen 2 dòz vaksen HepA, yo bay li omwen ak 6 mwa entèval.

